



Pou Piblikasyon Imedya: 15/08/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL REJWENN PREZIDAN MTA A POU PREMYE VWAYAJ
SEREMONYÈL SOU NOUVO TWAZYÈM VWA LIRR LA**

Seksyon senk kilomèt soti nan Floral Park rive Merillon Avenue

Nouvo Seksyon vwa a bay LIRR plis fleksibilite pandan pètibasyon yo

***Kliyan yo pral wè opsyon sèvis adisyonèl lè Grand Central Madison Terminal
ouvri nan fen ane sa a***

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul, rejwenn lidè Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) an nan yon premye vwayaj seremonyèl, ki te anonse ouvèti premye seksyon nouvo Twazyèm Vwa Liy Prensipal Wout Ray Long Island (Long Island Rail Road, LIRR) lan. Ofisyèl yo te vwayaje sou yon twonson senk kilomèt ki fèk ouvri ant estasyon Floral Park ak Merillon Avenue, yo te debake nan New Hyde Park Station ki modènize a.

"Ouvèti Twazyèm Vwa a make yon etap enpòtan pou vwayajè yo ak vizitè yo ki gen plizyè deseni nan preparasyon", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Gras ak pwojè ekstraòdinè sa a, tren LIRR yo pral kouri pi souvan epi pasaje yo pral gen yon vwayaj ki pi lis pase anvan. Patnè nou yo nan MTA ak fanm ak gason k ap travay di nan travay òganize yo te delivre yon pwojè alè, mwens pase bidjè a — epi sa se yon bagay ki merite pou yo selebre."

Pwojè agrandisman Liy Prensipal LIRR la fè pati yon envestisman san parèy ki koute 17.7 milya dola nan 100 pwojè pou transfòme ak modènize Wout Ray Long Island lan ki gen ladan tou ouvèti sèvis nan Grand Central Madison ane sa a, konstriksyon yon Sal Datant LIRR Penn Station ki pi laj ak yon nouvo antre nan 33rd Street, renouvèlman ak amelyorasyon 36 estasyon ak 17 pon, eliminasyon uit pasaj wout ray a nivo, aktivasyon sistèm sekirite Kòmand Entegral Tren (Positive Train Control), ogmantasyon 21 km nan dezyèm vwa ant Farmingdale ak Ronkonkoma, amelyorasyon nan 15 soustasyon elektrik, kapasite pakin ogmante, agrandisman lakou, ak plis ankò. Anplis envestisman ki pote transfòmasyon sa yo, MTA, ansanm ak NJ TRANSIT ak Amtrak, planifye pou chèche finansman federal nan fen ane sa a pou rekonstwi Penn Station an yon tèmininal klas mondyal modèn, ki laj, ki fen yon nivo inik ki ouvè pou limyè natirèl.

Gwo konstriksyon sou twazyèm vwa te kòmanse nan fen ane 2018 epi lè yo ouvri nèt nan fen ane sa a, pasaje yo ki sou koridò Liy Prensipal la pral gen yon solisyon transpò piblik ki diminye anbouteyaj wout la epi ki amelyore sekirite. Biznis Long Island yo pral rekòlte avantaj ki genyen nan vrè sèvis LIRR ki ale nan de direksyon an ki pral ankouraje opòtinite ekonomik, amelyore ekonomi konesans la epi bay plis aksè ak travay ak amizman.

Lè yo konbine avèk ouvèti Grand Central Madison, twazyèm vwa LIRR la kreye kapasite pou fè plis sèvis sou liy prensipal la. Nan New Hyde Park, sèvis yo pral ogmante a 67 pousan. Kounye a, gen 56 tren ki fonksone nan jou lasemèn yo. Dapre nouvo orè a, pral gen 94.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare, "Lidè Long Island yo te pale pandan yon jenerasyon sou pgmantasyon yon Twazyèm Vwa epi finalman li la. MTA ap investè plizyè milya nan Long Island e rezilta yo klè: sèvis pi souvan ak fyabilite ki pi gran, ansanm ak premye sèvis vwayaj nan sans envès pou bay biznis Long Island yo aksè a yon pi gwo rezo travayè."

Prezidan Pwovizwa LIRR Ian ak Prezidan Wout Ray Metro-North Ian, Catherine Rinaldi, te deklare, "Komansman LIRR Third Track la isit la kounye a menm, kliyan sikisal Ronkonkoma, Port Jefferson/Huntington ak Oyster Bay pral finalman kòmanse wè avantaj pwojè transfòmasyon sa a. Ekip Third Track la te amelyore estasyon yo ak yon pakèt ekipman modèn, sa ki te kreye yon sistèm ki pi rezistan ki ka pi byen jere entèripsyon sèvis yo, epi ki rann li pi fasil pou kliyan LIRR yo fè vwayaj envès ki pratik nan moman ki pi chaje yo."

Prezidan Devlopman & Konstriksyon MTA a, Jamie Torres-Springer, te deklare, "Komisyonone premye blòk Twazyèm Vwa LIRR la se yon etap enpòtan pandan n ap delivre pwojè transfòmasyon sa a alè ak nan bidjè pou rezidan Long Island yo. Gras a entelijans ak travay di mendèv nou an, nou deja fè sa pandan n ap minimize pètibasyon nan kominote avwazinant yo epi, sa ki oi enpòtan, pandan n ap kenbe sèvis yo ak fè plizyè santèn tren fonksyone chak jou nan zòn travay 16 km longè nou an. Pwojè sa a se modèl nou an pou pi devan pandan n ap bay gwo avantaj pou kliyan nou yo yon sason ki pi byen, pi vit ak pi bon mache."

Konstriksyon twazyèm vwa sa a ki soti nan Floral Park rive nan Hicksville pral diminye anbouteyaj ak reta tren yo epi pèmèt yon vrè sèvis nan de direksyon ak yon rezo tren ki pi fyab.

Nouvo estasyon Hyde Park ak Merillon Avenue yo amelyore ak platfòm elaji, pano dijital, nouvo paviyon platfòm, mèb ak ekipman ki gen ladan ban,abri ak pano sniyalizasyon, kamera sekirite CCTV pou amelyore sekirite, Wi-Fi; estasyon chaje USB, travay atistik, nouvo sipò pou bisiklèt ak plas ki gen espas vèt. Chak estasyon kounye a pi plis aksesib ak ADA ak nouvo ranp, yon pasaj siperyè pou pyeton ak nouvo espas pakin ADA.

Yo te elimine twa pasaj wout ray ant estasyon New Hyde Park ak Merillon Avenue (New Hyde Park Road, South 12th Street, Covert Avenue), sa ki te kreye yon wout way ki pi an sekirite epi ki pi fyab. Elimine pasaj a nivo sa yo benefisyè anviwònman an paske p ap gen machin ki ralenti ki bloke dèyè pòtay pasaj yo pandan tren LIRR yo ap pase. Sa yo se twa nan uit pasaj ki te elimine an jeneral kòm yon pati nan Pwojè Twazyèm Vwa a, epi sis kolizyon fatal nan pozisyon pasaj a nivo nan koridò Liy Prensipal LIRR a te montre plis bezwen an pou elimine pasaj a nivo sa yo ant 2007 rive 2017.

Rezidan ki tou pre yo p ap gen pou yo fè fas ankò ak son klaksòn ak klòch pasaj yo. Ralantisman sikilasyon akòz fèmti pòtay travès la ak kolizyon kamyon ki twò wo nan pon wout ray yo, sa yo pral yon bagay nan tan pase.

Pwojè Agrandisman Liy Prensipal LIRR la nan delè li epi ak 100 milyon dola pi ba pase bidjè a.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)